

NDIMBAL YI ÑEEL DOXANDEEM YU DÈKK NEW YORK

**CI LU JOTEWUL DARA AK SA TOLLUWAAYU DOXANDEEM,
NEW YORK CITY MI NGI FI NGIR DI LA DIMBALI.**



Ndimbal ci wàllu yoon ñeel doxandeem yi

Ngir am ay ndimbal yu wóor ci wàllu yoon te doo fay dara, wooteel ci **800-354-0365**, Altine ba aljuma, 9 waxtu ci suba ba 6 waxtu ci ngoon.



Kart DANTITE NEW YORK CITY

Bindul ngir am ab **IDNYC**, kart dantite meeri bu amul fay bi ñeel ñi dëkk NYC te am 10 at ak lu ko ëpp. Beesalaatal sa bindu jaare ko ci enternet wala nga sàkku dig-daje ngir bindu, **wooteel ci 311** wala yëral **nyc.gov/idnyc**



Jotaayi jàng angale yi

Bokk ci ab jotaayu jàng **angale ci lu amul fay** saa yu la neexee, ak fumu la neexee. Yëral **wespeaknyc.cityofnewyork.us** ngir am xibaar yu gëna yaatu.



Toppatoo wergi yaram

NYC Health + Hospitals (H+H) mën na joxe ay paj yu jump, paj yu woyof yi, ay seet wergi-yaram, ay ñakku, ak yeneen. **Wooteel ci 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)** ngir ñu yabal la ci santar bi la gëna jege. Ngir bindu ci tërëlin yi lay àar ci jàngoro yi, yu mel ni tërëlinu **NYC Care** wooteel ci, **646-NYC-CARE (646-692-2273)** wala nga yër **nyccare.nyc**



Wergii yaram ci wàllu xel

Ngir am ag jàppale ci sutura ak ngir jokkoo ak ndimbal yi ci wàllu wergi-yaram ci xel ak ci wàllu dundu, wooteel ci **888-692-9355 wala ci 988**, wala nga bind ci mesaas **WELL yonnee ko ci 65173**. Waa New York mën nañu yër **nyc.gov/mentalhealthaccess** ngir jot ay jumtukaay ci làkk yu bari ci lu jëm ci taxawu ci wàllu wergi-yaram ci xel ci NYC, wala nga jëfandikoo diiwaanu 988 bi def buumu jokkoo yu NYC yi ci **nyc.gov/mentalhealthservices** ngir am ay taxawu ci wàllu wergi-yaram ci xel.



Jàmp-jàmp yi

Bu jàmp-jàmp amee, wooteel ci **911**. Jàmp-jàmp mooy tolluwaay buy laaj polis, faykatu lakk yi, wala ambilaas ñu taxawu la ci saas yi. **Buñu sukkandikoo ci yoon, Polisu goxu New York City (New York City Police Department) duñu laaj nit ñi ñu tooñ ñi, ak seede yi wala yeneen nit yiy sàkku ndimbal lu jëm ci seen wàllu tolluwaayu doxandeem.**



Jàng mi aju ci nguur gi

Bepp xale bu dëkk NYC bu am 4 at ba 21 at mën na dem ci lekoolu nguur gi. Ngir bindu, yëral **schools.nyc.gov/fwc** wala wooteel **311**.



Mbooleem ndimbal yi ak xibaar yi ñeel dëkku taax bi

Ndax da nga jot ci jumtukaayi dëkku taax bi wala da nga bëga yegle ab jafe-jafe? Wooteel ci **311** wala yëral **portal.311.nyc.gov**



Buumu-jokkoo bu amul fay bu NYC ci wàllu doxandeem

Wooteel ci suñu buumu-jokko ci **212-788-7654** Altine ba aljuma, 9 waxtu ci suba ba 6 waxtu ci ngoon, wala nga bindu ñu imeel ci **askmoia@cityhall.nyc.gov**

NDIMBAL YI ÑEEL DOXANDEEM YU DÈKK NEW YORK

CI LU JOTEWUL DARA AK SA TOLLUWAAYU DOXANDEEM, AM NGA AY SAÑ-SAÑ.

Maytu Naxaate ci wàllu doxandeem

Boo soxla wee ay xelal ci wàllu ndimbal ci wàllu yoon, na nga wax ak ab awokaa buñu nàngu wala ak ab aji-teewal bu Bàngaas bi yore wàllu yoon (Department of Justice, DOJ) dëggal. Mën nga fekk fi ñu lim turu joxekati ndimbal yi ñu dëggal te nàngu leen ci [nyc.gov/immigrationfraud](https://www.nyc.gov/immigrationfraud)

Ay sañ-sañ yu jëm ci doxal yoon ci wàllu doxandeem

Nekkul NYC mooy toppatoo mbiri doxal yoon ci wàllu doxandeem. Bu la ay ligeeykati nguur gi ci wàllu doxal yooni doxandeem di wax ak yaw, am nga ay sañ-sañ. Yërël [nyc.gov/knowyourrights](https://www.nyc.gov/knowyourrights) wala nga woote ci suñu buumu jokkoo bu amul fay bi ci wàllu doxandeem ci **800-354-0365**

Sañ-sañu ligeeykat yi

Am nga sañ-sañ ci ñàkka ligeey ñu lay fay boo feebaree, sañ-sañ ci payoor gu mënna ñàkk gi, sañ-sañ ci payooru waxtu ligeey yu ñu yokk yi buñu sukkandikoo ci yoonu New York City. Yërël [nyc.gov/workers](https://www.nyc.gov/workers) ngir juntuukaay yi wala wooteel ci **212-436-0380**

Yegle ak Boddi

Ërtël ak boddi du yoon ci buñu sukkandikoo ci yoonu NYC ci wàllu àqq ak yelleefu doomu aadama. Ngir yegle ag boddi, wooteel ci **212-416-0197** wala nga yër [nyc.gov/reportdiscrimination](https://www.nyc.gov/reportdiscrimination)

Kaarange ci fitnay neegu sey

Dëkku taaxu New York mi ngi fi ngir dimbali la ci boo jànkuwantee ak ag fitnaal. Mën nga yër [nyc.gov/nychope](https://www.nyc.gov/nychope) wala nga woote ci buumu jokkoo bi ngir xeex fitnay neegu sey ci **800-621-HOPE**

Sañ-saani lokateer yi

Ndax da ngaa soxla ndimbal ci ab jafe-jafe ci wàllu gennee lokateer wala ci sa diggante ak ki la luwe? Yërël [nyc.gov/tenantprotection](https://www.nyc.gov/tenantprotection) wala wooteel ci **311** te nga wax **“tenant helpline” (buumu jokkoo biy dimbali lokateer yi)** ngir am ay ndimbal ci wàllu yoon

Sañ-sañ ci ñu dëkkal la

Am nga sañ-sañ ci sàkku ñu dëkkal la boo amul foo nekk. Jotal ndimbal yi ci wàllu dëkkal ci boo yëree santaru dalal bi "Bàngaas bi yore ndimbali ñi amul dëkkuwaay yi (Department of Homeless Services, DHS)" digle. Gëstul lu gëna yaatu ci boo wootee ci **311**

Àar wëy-jariño mbir yi ñuy jëfandikoo yi

Am jafa-jafe ak ab këru-ligeey? Ngir li nga bokk ci wëy-jariño mbir yi ñuy jëfandikoo yi, am nga ay sañ-sañ. Jebbalal ab ñaxtu ci boo yëree [nyc.gov/consumers](https://www.nyc.gov/consumers) wala ci boo wootee wee ci **311**